

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna “Naskah Paririmbon Tatanén: Ulikan Filologi jeung Analisis Struktur”. Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif kualitatif kalawan ngagunakeun pamarekan filologi. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan dikumpulkeun ku dua cara, nyaéta métode studi pustaka jeung studi lapangan. Salian ti éta, dina ngumpulkeun data ogé dilakukeun sababaraha cara nu séjénna, nyaéta wawancara, jeung dokuméntasi. Ieu panalungtikan medar ngeunaan ulikan filologi nu ngawengku analisis déskripsi naskah, transliterasi, édisi téks, jeung analisis struktur eusi naskah. Salian ti éta, dipedar ogé ngeunaan struktur paririmbon jeung struktur téks mantra dina naskah “Paririmbon Tatanén”. Struktur paririmbon ngaguar perkara analisis struktur judul jeung eusi naskah paririmbon sabada ditransliterasikeun. Struktur téks mantra ngaguar perkara papasingan genep golongan téks mantra nurutkeun Rusyana jeung analisis déskripsi téks jeung kontéks mantra nurutkeun Insendes (2010) dina naskah “Paririmbon Tatanén”. Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data nu dipedar saméméhna, ngeunaan déskripsi naskah, transliterasi, édisi téks, jeung struktur eusi dina naskah “Paririmbon Tatanén”, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Naskah Paririmbon Tatanén kapanggih di wewengkon Tanjungbeureum, Désa Linggarjati, Kecamatan Pamulihan, Kabupatén Garut. Nu boga naskah *PT* nyaéta Bapa Adin Muhidin (66 taun). Naskah “Paririmbon Tatanén” mangrupa naskah Sunda anu ditulis dina kertas Éropah (disebut *latterdam* lantaran aya ciri nu mangrupa *countermark*), ukuran 16.5 cm x 21 cm, kandelna 17 lambar (34 kaca), ditulis maké aksara Arab Pegon, sarta basa anu dipakéna nyaéta basa Sunda campur Jawa. Eusi naskah “Paririmbon Tatanén” nyaéta sagalarupa hal anu kudu dilaksanakeun saacan ngawuluku, nyacar, tebar, tandur, jeung ngaseuk dina waktu sawindu (dalapan taun). Salian ti éta, aya ogé rupa-rupa jampé/palakiah ngeunaan ngurus paré jeung béas.

Ripal Maulana, 2021

NASKAH PARIRIMBON TATANÉN: ULIKAN FILOLOGI JEUNG ANALISIS STRUKTUR

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu 144

Sacara gurat badag, naskah “Paririmbon Tatanén” eusina mangrupa aturan anu kudu dilaksanakeun saacon mitembeyan ngawuluku, nyacar, tebar, tandur, jeung ngaseuk dina ngurus jeung ngolah paré salila waktu sawindu (dalapan taun). Salian ti paririmbon éta, satuluyna aya rupa-rupa jampé, du'a jeung palakiah ngeunaan wilangan paré, ngukus ari rék nurunan atawa hajat, mitembeyan tebar atawa tandur, ngalongok sawah atawa huma, jampé saupama sawah keuna ku hama, kidung sawah atawa huma, paranti nyawén (méré ciri watesan sawah anu rék dipanén), mipit paré (ngala paré), ngakut paré (mindahkeun paré), ngelep paré (nyalametkeun paré hasil panén), pakeun ngumpulkeun paré, nangikeun paré ti leuit (nyokot paré nu geus ditetepkeun dina leuit), ngundurkeun paré ka deungeun-deungeun (mikeun paré ka batur), nyiuk bées, ngisikan (ngumbah bées), ngangken paré mun rék disangu, netelkeun sangu, dahar sangu, dongéng pancakaki Nyai Sri, nimbang paré, jampé ngukus (umum), maca sahadat jeung iman Sri, goib Sri, jeung babak salira.

Dina éta naskah “Paririmbon Tatanén” sabada dilaksanakeun kagiatan transliterasi, kapaluruh eusina aya 28 judul. 3 judul eusina mangrupa téks non mantra anu dikatégorikeun téks paririmbon, sedengkeun sésana anu 25 judul mangrupa téks mantra.

Dina naskah “Paririmbon Tatanén”, dumasar kana hasil papasingan téks non mantra jeung téks mantra, katitén aya tilu bagian atawa judul anu nuduhkeun keterangan ngeunaan paririmbon. Ieu téks kagolongkeun paririmbon sabab di jerona mangrupa pedaran informasi dina urusan tatanén. Salian ti éta, dina ieu téks anu non mantra kaasupna kana wangun prosa atawa lancaran, sabab ditulisna cara basa sapopoé tur teu matok kana basa jeung wirahma nu tangtu. Dina téks non mantra, kapaluruh aya tilu rupa judul téks nu di jerona teu ngandung unsur mantra. Téks-téks éta ngawengku: téks paririmbon tatanén, téks punika wilangan dina ngurus paré, sarta téks punika asaling paré.

Dina téks paririmbon, sacara umum éta téks di jerona diwangun ku dua unsur judul, jeung eusi. Unsur judul nyaéta nuduhkeun bagian anu rék dicaritakeun eusina sacara kasaluruhan nerangkeun naon, contona alamat ngimpi, alamat kekedutan, samagaha, punika wong arep tatanén, ieu naasna poé, bulan, jeung taun, jsb. Unsur anu ka dua nyaéta eusi, anu ngawengku titimangsa dina tanggal,

bulan, jeung taun anu geus ditangtukeun, pakakas jeung barang anu kudu disadiakeun, du'a atawa jampé anu kudu dibacakeun, sarta keterangan séjén anu milu mangaruhan kana éta keterangan saupama dilaksanakeun atawa teu dilaksanakeun. Dina téks paririmbon, unsur judul pasti aya waé disebutkeun dina keterangan téks mimitina, tapi unsur eusi teu salalawasna kudu aya. Unsur eusi bisa waé ngan saukur nuduhkeun waktu jeung keterangan, nuduhkeun waktu jeung kapamalian, nuduhkeun keterangan hungkul, jsb.

Dina naskah “Paririmbon Tatanén” sabada hasil papasingan nu nuduhkeun téks non mantra jeung téks mantra, katitén dina éta naskah aya 25 judul anu eusina ngeunaan téks mantra, sarta ditulisna dina wangun karangan puisi. Salian ti éta, tina 25 judul téks mantra, aya hiji kasebutna téks anu ditulisna dina wangun karangan puisi anu ilahar kasebutna puisi prosais, nyaéta anu judulna “Punika panyakaki Sri”. Judul-judul dina naskah anu eusina mangrupa téks mantra nyaéta punika paranti ngukus ari rék nurunan atawa rék hajat atawa rék mitembeyan, punika paranti mitembeyan tebar atawa tandur, punika paranti ngalongok sawah atawa huma, punika paranti nawa Sri bisi paré ku hama, punika kidung sawah atawa huma, punika paranti nyawén ari rék nurunan, punika paranti mipit paré, punika paranti ngakut, punika paranti ngelep, punika arana anak cikal jeung dulur cikalna, punika pakeun ngumpulkeun paré, punika paranti nangikeun paré ti leuit, punika paranti ngundurkeun ka deungeun-deungeun, punika paranti nyiuk béas, punika paranti ngisikan, punika paranti ngangken Sri tetkala arék disangu, punika paranti netelkeun sangu, punika paranti dahar sangu, punika panyakaki Nyai Sri, punika paranti nimbang paré, punika jampé ngukus, maca sahadat Sri, maca iman Sri, punika goib Sri, jeung punika babak salira.

Dumasar kana papasingan genep golongan mantra Rusyana, tina 25 téks mantra nu aya dina naskah “Paririmbon Tatanén”, di jerona aya 12 téks mantra nu mangrupa jangjawokan, 8 téks mantra nu mangrupa ajian, 1 téks mantra nu mangrupa singlar, jeung 4 téks mantra nu mangrupa rajah. Dina naskah “Paririmbon Tatanén” teu kapanggih téks mantra nu nuduhkeun asihan jeung jampé. Ieu hal ku lantaran dina naskah *Paririmbon Tatanén* lolobana téks élmu buhun anu aya patula-patalina jeung tatanén hususna ngeunaan ngurus paré jeung

béas. Tina 25 téks mantra, lolobana mangrupa téks jangjawokan, sedengkeun nu pangsaeutikna nyaéta téks singlar, anu ngan hiji wungkul.

Sabada kapaluruh hasil papasingan téks non mantra jeung téks mantra, sarta hasil papasingan golongan mantra nurutkeun téori Rusyana, satuluyna téks mantra dipasing-pasing deui nurutkeun téori déskripsi téks jeung kontéks Isnendes (2010). Déskripsi téks nu aya dina naskah téks mantra ngawengku: L (Lelembut nu disambat, kapaluruh aya 82 ngaran L nu disambat, 16 ngaran tina pangaruh Islam, 1 ngaran ti pangaruh Hindu, jeung 65 ngaran asli ti Sunda), Lt (Latar 32 keterangan, nu ngawengku waktu 3 keterangan, tempat 28 keterangan, jeung suasana 1 keterangan), SL (Subyék Lirik/nu nyarita, aya 11 ngaran), OL (Obyék Lirik/nu diajak nyarita, aya 55 ngaran), EC (Eusi Caritaan, nu mangrupa du'a, harepan, kagiatan dina tatanén, élmu pangaweruh, rajah pancakaki Nyai Sri, rajah tawasulan/sukuran paré, adat budaya, kasampurnaan, jeung kakuatan lahir jeung batin), jeung UC (Udagan Caritaan, nu mangrupa supaya paré teu keuna ku owah, salamet, hurip waras, salamet tina gangguan hama, paré tetep kandel jeung beuang diandelkeun, ngariksa badan ngariksa banda, sangu nu dituang bisa berkah sarta cukup, du'a paranti tuang sarta kasampurnaan manusa tina nuang sangu, neda rahmat jeung kasalametan, jeung ajian kana kasampurnaan jeung kakuatan kana awak).

Déskripsi kontéks mantra, nyaéta analisis kontéks cara meunangkeun naskah mantra dina naskah "Paririmbon Tatanén". Déskripsi kontéks nyaéta analisis di saluareun téks mantra. Analisis déskripsi kontéks di dieu ngawengku asal-muasal téks naskah "Paririmbon Tatanén", cara meunangkeun naskah téks mantra "Paririmbon Tatanén", sarat pameuli naskah, jeung pakakas atawa barang nu kudu disadiakeun nalika muka atawa rék maca naskah "Paririmbon Tatanén".

5.2 Implikasi

Implikasi nu dipiharep sabada ngalaksanakeun panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- 1) Pikeun pamaréntah satempat sangkan bisa leuwih ngajaga tur ngariksa kana éta naskah. Ulah nepi ka ancur ku waktu atawa leungit, sabab loba informasi anu kawilang penting pikeun kahareupna.

- 2) Pikeun mahasiswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun référensi hususna dina panalungtikan filologi, sastra, jeung budaya Sunda.
- 3) Pikeun panalungtik, bisa ngajembaran paélmuan dina kabeungharan basa, aksara, jeung sastra Sunda.
- 4) Pikeun masarakat umum, dipiharep bisa jadi bahan élmu pangaweruh anyar dina prak-prakan saupama rék tatanén hususna dina ngolah jeung ngariksa paré, sabab aya sababaraha aturan anu kudu dilaksanakeun saacan rék migawé ngolah paré sangkan hasilna bisa hadé.

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi nu bisa ditepikeun, nyaéta ieu di handap.

Kahiji, panalungtikan ngeunaan ulikan filologi naskah “Paririmbon Tatanén” hususna nu jadi obyékna ieu naskah can kungsi aya. Ku kituna, ka hareupna sangkan aya panalungtikan filologi satulunya nu leuwih teleb, saperti panalungtikan kana édisi diplomatisna nu can kungsi aya.

Kadua, panalungtikan ngeunaan stilistika jeung grafologi dina naskah “Paririmbon Tatanén” nu jadi objékna ogé can kungsi aya, ku kituna pikeun ka hareupna sangkan aya nu ngaguar perkara stilistika jeung grafologi dina naskah “Paririmbon Tatanén”.

Katilu, informasi buhun ngeunaan prak-prakan tatanén di masarakat kudu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé, sangkan hasil tatanén paré bisa mulus rahayu, berkah jeung salamet tina sagala panyakit.